# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–19 नवम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी तमिलनाडु के कोयंबटूर में आजु आयोजित 'दक्षिण भारत प्राकृतिक कृषि शिखर सम्मेलन– 'दुइ हजार पचीस' से प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि क एक्कइसवीं किस्ति जारी कइलें। एहमें देस भर क नौ करोड़ से बेसी किसानन के खाता में अठारह हजार करोड़ रूपिया से बेसी क धनरासि भेजल गइल। प्रदेस क दुइ करोड़ पनरह लाख से बेसी किसाननो के येह किस्ति क सोझै लाभ मिलल है।

येह मौका पर प्रधानमंत्री अपने सम्बोधन में कहलें कि बीतल इग्यारह बरिस में देस के पूरा कृषि क्षेत्र में बड़हन बदलाव आइल है। हमनीक कृषि निर्यात करीब–करीब दुगुन्ना भइल बा। उहां के कहलीं कि खेती के आधुनिक बनावे बदे सरकार किसानन के मददि दिहले क हर रस्ता खोलले है।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट में किसान सम्मान निधि क एक्कइसवां किस्ति जारी करे बदे प्रधानमंत्री क आभार जतवलें। उहां के कहलीं कि येह योजना के पइसा से राज्य क कृषि विकास आ ग्रामीण अर्थव्यवस्था के नया ऊर्जा मिलल है।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु सिंचाई अउर जल संसाधन विभाग क विस्तृत समीक्षा बइठकी में पंचानवे गो नया परियोजनन के मंजूरी दिहलें। उहां के अधिकारी लोगिन के निरदेस दिहलीं कि सज्जो स्वीकृत कार्य तय समय–सीमा में पूरा कइल जाए। एगो अउरियो बइठकी में मुख्यमंत्री मेरठ, कानपुर आ मथुरा–वृन्दावन के नगरीय विकास के कार्ययोजना क समीक्षा कइलें। येह दौरान मुख्यमंत्री निरदेस दिहलें कि सज्जो योजना चरणबद्ध तरीका से लागू होखे, कार्य समय से आ गुणवत्ता के साथे पूरा कइल जाए आ लोगिन के एकर सोझे लाभ देखाई दे।

**********

अजोध्या में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के मौजूदगी में ध्वजारोहण समारोह के भव्य बनावे बदे तइयारी जोरिया गइल बा। श्रीराम मंदिर निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेन्द्र मिश्र आजु पत्रकार लोगिन से बतियावत क कहलें कि ध्वज पताका क दुइ बेरि सफल ट्रायल कइल जा चुकल है।

**********

सर्वोच्च न्यायालय कई गो अधिकरण के सदस्यन के नियुक्ति, कार्यकाल आ सेवा सर्त से जुड़ल बरिस दुइ हजार एक्कइस क 'न्यायाधिकरण सुधार कानून' क कुछु प्रावधान रद्द कइ दीहले है। एगो रिपोर्ट–

**मुख्य न्यायाधीश बी.आर. गवई और न्यायमूर्ति के.विनोद चंद्रन की पीठ ने कहा कि ये प्रावधान केंद्र द्वारा मामूली संशोधनों के साथ फिर से लागू किए जा चुके हैं। पीठ ने कहा कि रद्द किए गए प्रावधानों से शक्ति विभाजन के सिद्धांतों का उल्लंघन हो रहा था। पीठ ने कहा कि लंबित मामलों की अधिकता से निपटना न्याय पालिका की एकमात्र जिम्मेदारी नहीं है, सरकार को भी यह दायित्व उठाना चाहिए। न्यायालय ने सेवाकाल संबंधी पहले के दिशानिर्देश बरकरार रखे। अदालत ने स्पष्ट किया कि आयकर अपील अधिकरण तथा सीमा शुल्क, उत्पाद और सेवाकर अपील अधिकरण के सदस्य 62 वर्ष की उम्र तक सेवा में रहेंगे, जबकि इनके अध्यक्ष या प्रमुख 65 वर्ष की उम्र तक सेवारत रहेंगे। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

नरेन्द्र मोदी सरकार की ओरि से कई गो क्षेत्रन में जीएसटी दर कम कइले के सथहीं बाइस सितम्बर से जीएसटी बचत उत्सव सुरू भइल। एहसे देस भर के लोगिन के फायदा मिलि रहल बा। एगो रिपोर्ट–

***नया जीएसटी सुधार किसानन, कारीगरन आ छोटहन उद्योगन बदे एगो बड़हन प्रोत्साहन है। काजू उद्योग पर अब खाली पांच फीसदी जीएसटी लागू हो रहल बा। इंस्टेंट कॉफी अउर ओहसे बनल समानन पर टेक्स के दर अठारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा। मछरी पालन आ समुद्री प्रोसेस्ड फूड पर अब जीएसटी घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा। आयुर्वेदिक दवाई आ स्वास्थ्य सेवा पर अब पांच फीसदी टेक्स लगावल गइल बा, जेहसे छौ से इग्यारह फीसदी ले क बचत भइल है। ई से सुधार प्रमुख क्षेत्रन पर टेक्स क बोझ कम कम हो गइल बा। आकाशवाणी दिल्ली से रिशु जायसवाल आ नीतिका गुप्ता अउर अक्षित के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

भारतीय अंतर्राष्ट्रीय फिल्म महोत्सव क छप्पनवां संस्करण बिहने से सुरू हो के अट्ठाइस नवम्बर दुइ हजार पचीस ले गोवा के पणजी में आयोजित होई। एगो रिपोर्ट–

**इस भव्य आयोजन में स्क्रीनिंग के साथ–साथ कार्यशालाएं, मास्टरक्लास और फिल्म बाजार आयोजित होंगे, जो देश के नए तथा उभरते फिल्मकारों के लिए बेहतरीन अवसर प्रदान करेंगे। 56वें भारतीय अंतर्राष्ट्रीय फिल्म महोत्सव का उद्देश्य दुनियाभर के फिल्मकारों को जोड़ना और कला के माध्यम से मित्रतापूर्ण सहयोग को बढ़ावा देना है। इस साल इफ्फी में 81 देशों की करीब 240 फिल्में प्रदर्शित की जाएंगी, जिनमें 13 वर्ल्ड प्रीमियर, 4 अंतरराष्ट्रीय प्रीमियर और 46 एशियन प्रीमियर शामिल हैं। निखिल कुमार, आकाशवाणी समाचार पणजी, गोवा।**

**********

गोरखपुर क जिला निर्वाचन अधिकारी दीपक मीणा विशेष गहन पुनरीक्षण–एसआईआर अभियान में राजनीतिक दलन से सहजोग क अपीलि कइले हवें।

**********